

Kenbe Benefis SNAP Ou

Si ou gen ant 18 ak 64 an epi ou p ap viv ak yon timoun ki poko gen 14 an, w ap pèdi benefis SNAP ou yo sof si ou satisfè nouvo règ Gouvènman Federal la. Nouvo kondisyon travay sa yo ap aplike pou "Adilt San Andikap ki Pa gen Moun Depandan" (Able-Bodied Adults without Dependents, ABAWD).

Si ou pa respekte nouvo règ travay sa yo, w ap kapab sèlman resevwa benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) pou twa mwa nan yon peryòd twa ane. Nou vle ede w kontinye resevwa benefis SNAP ou yo. Ou ka aji pou kontinye resevwa SNAP ou a lè w fè youn nan twa aksyon ki endike anba a.

Twa fason pou satisfè Règ Travay ABAWD yo epi pou kontinye resevwa benefis SNAP ou yo:

1. Travay peye oswa travay san peye pou omwen 20 èdtan pa semèn (80 èdtan pa mwa)

Men kèk egzanp:

- Gen yon travay kote ou travay omwen 20 èdtan pa semèn oswa touche omwen 217.50 dola pa semèn, menm si w ap travay mwens pase 20 èdtan pa semèn.
- Fè travay ki peye lòt fason (echanj) kote w echanje sèvis ou pou yon bagay ki pa lajan pou omwen 80 èdtan pa mwa (pa egzanp, fè antretyen nan bilding an echanj yon rabè nan lwaye).

2. Aprann konpetans pou travay 20 èdtan pa semèn (80 èdtan pa mwa) ki ka ede w touche plis lajan.

Men kèk egzanp:

- Fè rechèch travay, patisipe nan atelye sou ekri CV, oswa lòt fòmasyon ke distri sèvis sosyal lokal ou a apwouve. Kèk nan aktivite sa yo ka fèt sou entènèt nan sit wèb tankou JobZone.labor.ny.gov ak dol.ny.gov/virtual-career-center-ind.
- Patisipe nan pwogram fòmasyon konpetans travay ak/oswa aktivite edikatif tankou kou kolèj, sètifikasyon, oswa pwogram kalifikasyon ki ede w prepare pou travay ak aprann lang anglè.

3. Sèvis Kominotè/Volontè

- Kantite èdtan ou bezwen patisipe nan sèvis kominotè oswa travay volontè a baze sou benefis SNAP ou a divize pa salè minimòm eta a. Pa egzanp, si ou resevwa 300 dola nan SNAP epi

salè minimòm nan zòn ou an se 16.50 dola, lè sa a, ou dwe konplete 18 èdtan sèvis kominotè oswa travay volontè chak mwa. (300 dola ÷ 16.50 dola = 18 èdtan).

- Fè travay volontè oswa patisipe nan yon Pwogram Eksperyans Travay (Work Experience Program, WEP) ak òganizasyon san bi likratif oswa sèvis piblik lokal, tankou depo manje, pak, oswa bibliyotèk.

*** Tanpri enfòme travayè ou a si w ap fè nenpòt nan aktivite sa yo, epi yo pral di w kijan pou rapòte aktivite ou yo chak mwa pou ede w kontinye resevwa benefis SNAP ou yo.**

Èske Ou Egzante?

Ou ka pa bezwen satisfè règ travay ABAWD yo si ou:

- Pi piti pase 18 ane, oswa gen 65 ane oswa plis
- Ap viv ak yon timoun ki gen mwens pase 14 ane
- Yon moun ki ap resevwa avantaj pou andikape nan men yon sous prive oswa piblik, tankou benefis pou andikape Eta Nouyòk yo
- Ansent
- Yon moun ki gen yon kondisyon fizik oswa mantal ki limite kapasite li pou travay
- Pran swen yon moun ki andikape
- Satisfè règ travay yo nan kad pwogram Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) yo
- Resevwa oswa aplike pou benefis chomaj yo
- Patisipe nan yon pwogram tretman ak reyabilitasyon pou dwòg oswa alkòl
- Ale lekòl, kolèj, oswa nan yon pwogram fòmasyon omwen pou mwatye tan (etidyan yo ka sijè a lòt règ kalifikasyon)
- Deja ap travay omwen 30 èdtan pa semèn
- Deja ap touche omwen 217.50 dola (30 fwa salè minimòm federal la) oswa plis nan yon semèn,
- Ap resevwa oswa aplike pou SSI
- Ou se yon Endyen, Endyen Iben, Endyen Kalifòni, ak/oswa lòt Endyen ki kalifye pou Sèvis Sante pou Endyen (Indian Health Services)

*** Tanpri enfòme travayè ou a si nenpòt nan egzansyon sa yo aplike pou ou.**

Resous Adisyonèl yo:

Jwenn Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a lè w vizite: <https://otda.ny.gov/workingfamilies/dss.asp>

Jwenn Sant Karyè ki pi pre ou a lè w vizite: dol.ny.gov/career-centers